



Kominike près

Depatman Travay Etazini an | 16 me 2024

Depatman Travay la anonse l ap agrandi sitwèb sou dwa travayè imigran yo *MigrantWorker.gov* ap ajoute nouvo enfòmasyon nan 6 lang pou pwoteje tout travayè ki Ozetazini yo

WASHINGTON – Jodi a, Depatman Travay la te anonse l ap ajoute anpil bagay sou [MigrantWorker.gov](https://www.dol.gov/migrantworker) ak vèsyon nan lang panyòl la, [TrabajadorMigrante.gov](https://www.dol.gov/trabajadormigrante), ki se sitwèb ki bay enfòmasyon ki itil pou defann dwa travayè ki Ozetazini yo, kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo.

Grasa travay ki fèt la, sitwèb la ap ofri enfòmasyon nan uit lang. Sa vle di, non sèlman ap gen enfòmasyon ann anglè ak panyòl, men tou nan lang [arab](#), [chinwa senplifye](#), [kreyòl ayisyen](#), [pòtigè](#), [tagalòg](#) ak [vyetnamyen](#). Konsa, anpil diferan travayè ap kapab jwenn enfòmasyon ki enpòtan sou règlemantasyon federal ki pwoteje dwa pou travay san yo pa sibi diskriminasyon ni tizonnay, dwa pou yo òganize sendika, ak dwa pou yo konteste salè anplwayè yo peye yo ak pratik travay yo tabli yo. Epitou, sit la bay travayè yo enstriksyon sou fason yo ka depoze yon plent si yo panse yo te pase dwa yo anba pye.

Mete sou sa, [TrabajadorMigrante.gov](https://www.dol.gov/trabajadormigrante) ajoute kèk nouvo videyo nan lang panyòl ki esplike anpil nan difikilte imigran yo rankontre, tankou transpò ki danjere pou al travay sou chantye yo, kòb ilegal yo mande yo peye pou yo anboche yo, ak dwa anplwaye ki bay timoun tete yo genyen pou yo jwenn yon espas ak yon tan ki apwopriye pou yo tire lèt tete pou tibebe yo. Videyo sa yo vin ajoute sou yon seri videyo ki la deja ki pale sou vòl salè yo, ekspozisyon ak chalè a ak kondisyon travay ki danjere yo. Tout videyo sa yo kout epi ou kapab jwenn yo byen fasil sou aparèy mobil ou oswa sou òdinatè w.

Epitou, sitwèb la bay enfòmasyon sou pwogram Depatman an yo rele [Consular Partnership Program](#). Pwogram sa a la pou pèmèt Depatman an travay nan tèt ansanm avèk plizyè anbasad ak konsila, tankou sa ki pou peyi Repiblik Dominikèn, Èl Salvadò, Gwatemala, Ondiras ak Meksik, ak lòt ankò pi devan. Travayè yo ap jwenn enfòmasyon sou fason yo ka jwenn epi kontakte konsila peyi yo ki Ozetazini, epi y ap kapab jwenn repons sou kesyon yo genyen sou dwa yo.

[Jwenn plis enfòmasyon sou travay entènasyonal Depatman an.](#)

###

Kontak pou medya yo:

Christine Feroli, 301-793-3023, feroli.christine.e@dol.gov

Ryan Honick, 202-693-4247, honick.ryan.l@dol.gov

Nimewo kominike a: 24-838-NAT

Ou kapab jwenn nouvèl yo pibliye sou Depatman Travay Etazini an sou <http://www.dol.gov>. [Reasonable Accommodation Resource Center](#) se yon sant Depatman an itilize pou l konvèti enfòmasyon ak dokiman l yo nan lòt fòma, tankou ekriti bray ak gwo karaktè. Pou mande enfòmasyon ak dokiman yo nan lòt fòma, tanpri kontakte Depatman an nan (202) 693-7828 (sèvis vokal) oswa nan (800) 877-8339 (relè federal).